

Kawolin di Sid: Fèy Enfòmasyon Siklòn Ian – 3 fev. 2023

Release Date: Feb 3, 2023

Rekiperasyon selon Chif yo

- FEMA ak Administrasyon Ti Biznis Etazini te apwouve **plis pase \$4,11 milyon nan asistans federal** pou sivivan Siklòn Ian, ki te frape Kawolin di Sid an **sept. 2022**. Sa genyen ladann:
 - **\$2 316 578** nan asistans FEMA te apwouve pou endividi ak fwaye ki genyen ladann:
 - **\$1 956 260** ki te apwouve pou asistans lojman
 - **\$360.318** te apwouve pou lòt bezwen ki anrapò ak dezaz
 - **\$1 796 400** nan prè dezaz SBA ki te apwouve pou pwopriyetè, lokatè ak biznis

Mesaj Kle

Rete an kontak ak FEMA pou Ede w Akselere Rekiperasyon w

- N ap ankouraje pwopriyetè ak lokatè rete an kontak ak FEMA apre yo fin aplike pou asistans apre Siklòn Ian.
 - Sivivan tanpèt septanm nan ka kontakte FEMA pou mete enfòmasyon pou kontakte w ajou, sa ki genyen ladann nenpòt chanjman adrès. FEMA gendwa bezwen kontakte w, epi enfòmasyon ki manke oswa ki pa bon gendwa retade asistans ou an. Ou pral bezwen enfòme FEMA lè reklamasyon asirans ou an regle.

Jwenn Reparasyon, Konsèy sou Rekonstwiksyon 6 - 10 fev nan The Home Depot nan Mount Pleasant

- Rezidan k ap repare ak rekonstwi apre Siklòn Ian ka vizite The Home Depot nan North Myrtle Beach pou jwenn lide ak konsèy sou rann kay pi solid ak pi an sekirite kont tanpèt ak lòt danje.



- **30 jan. - 4 fev**, 8è a.m. rive 6è p.m., The Home Depot, 2008 North Highway 17, Mount Pleasant, SC29466
- **6 - 10 fev**, 8è a.m. rive 6è p.m., The Home Depot, 2213 North Highway 17, Mount Pleasant, SC29466

Asistans Dezas

- **Asistans Legal Dezas Gratis** Salè fèb, granmoun aje ak lòt rezidan vilnerab ke Siklòn Ian te afekte epi ki pa gen mwayen pou pran pwòp avoka yo gendwa rele **877 797-2227, Ekst.120**, oswa rele ling Kawolin di Sid la nan **803-576-3815** pou mande asistans. **Ling yo ouvè soti 9è a.m. rive 5è p.m. lendi a vandredi.**
 - Sivivan Ian yo gendwa kontakte tou Sèvis Legal Kawolin di Sid nan **888-346-5592** soti **9è a.m. rive 6è p.m. soti lendi rive jedi** oswa soumèt yon demann pou sèvis legal dezas www.lawhelp.org/sc/online-intake.

Prè Dezas SBA ap Ede Moun Kawolin di Sid Retounen Vin Bati Pi Solid Toujou

- Rezidan Kawolin di Sid ak pwopriyetè biznis ki te souffri domaj akòz Siklòn Ian soti 25 sept. rive 4 okt ka rekonstwi pi solid pou sa y ap aplike pou yon prè dezas nan [Administrasyon Ti Biznis Etazini \(Small Business Administration, SBA\)](http://www.sba.gov/funding-programs/disaster-assistance/mitigation-assistance). Pwogram prè dezas la **genyen ladann finansman pou amelyore rediksyon domaj** pwopriyete ki gen pou fèt nan ka yon dezas menm jan an. <https://www.sba.gov/funding-programs/disaster-assistance/mitigation-assistance>
 - Pifò kandida yo **gendwa kalifye pou yon ogmantasyon prè jiska 20 pousan domaj fizik yo**, selon sa SBA verifye, pou kouvri amelyorasyon depans yo. **Finansman prè amelyorasyon vini anplis montan prè dezas yo apwouve a.** Menm si asirans kouvri pifò domaj rezidan yo, yo kapab aplike pou yon prè SBA minimal epi answit aplike pou finansman amelyorasyon enterè fèb pou fè amelyorasyon pou pwoteje kay oswa biznis yo.

Kijan pou w fè yon Kontestasyon Desizyon FEMA

- Pati ki pi enpòtan nan kontestasyon yon detèminasyon FEMA se konnen dat limit ou yo. Ou genyen 60 jou apati dat FEMA genyen sou lèt detèminasyon an



FEMA

Page 2 of 3

pou voye yon kontestasyon bay FEMA.

- Li enpòtan pou mete dokiman oswa enfòmasyon ke FEMA te mande e asire w ke w te mete yon kopi lèt detèminasyon FEMA. FEMA gendwa mande w tou lèt asirans pwopriyetè w, dokiman ki pwouve w ap viv nan kay la, dokiman ki pwouve ke w se pwopriyetè oswa estimasyon kontraktè pou reparasyon yo.
 - Pa bliye siyen ak mete dat sou lèt kontestasyon w lan epi voye li pa lapòs bay: **Sant Sèvis Tretman Nasyonal FEMA, P.O. Box 10055, Hyattsville MD 20782-8055**
 - Oubyen voye li pa faks bay: **800-827-8112 Attention: FEMA**

K: Aranjman asirans mwen an pa t reponn ak tout bezwen mwen pou ede m rekipere nan dezaz la. Èske mwen ka aplike pou asistans anplis nan men FEMA?

A: Wi, ou ka aplike pou asistans anplis nan FEMA. Si w te resevwa aranjman maksimòm nan men asirans ou epi sa toujou pa sifi pou reponn ak bezwen ki anrapò ak dezaz la, ekri FEMA epi esplike bezwen w yo. Ou pral bezwen ajoute tou dokiman aranjman konpayi asirans ou an.



FEMA

Page 3 of 3